



Prensipal Egzijans nan Kòd Sante a pou Pwogram Gadri Timoun nan Lekòl

Yon pwogram gadri timoun nan lekòl (school-based child care, SBCC) se nenpòt pwogram ki:

- Bay swen ak enstriksyon pou timoun ki gen twa (3) rive senk (5) lane
- Chita nan yon lekòl oswa nan pati yon lekòl

Pwogram SBCC yo reglemante sou baz Atik 43 Kòd Sante (Health Code) Vil New York (NYC) la. Pou li tout egzijans ki dekri nan Atik 43 a, ale sou [on.nyc.gov/article-43-health-code](https://www.nyc.gov/article-43-health-code).

Depatman Sante ak Ijyèn Mantal NYC (Depatman Sante a) enspekte pwogram SBCC yo omwen yon fwa chak ane pou konnen si yo an konfòmite avèk egzijans Kòd Sante a. Si enspektè a remake gen yon vyolasyon, li ap bay yon rapò detaye konsènan sitiyasyon an ansanm ak dat li dwe korije a. Enspektè a kapab fè yon enspeksyon kòm suivi pou verifeye si yo te fè koreksyon yo. Si pwogram yo pa konfòme yo, yo kapab resevwa yon Avi konsènan Vyolasyon epi jwenn amann.

Avi Depo

Pwogram SBCC dwe soumèt yon Avi Depo (Notice of Filing) bay Depatman Sante a epi kenbe li ajou.

Pou ouvri yon nouvo pwogram SBCC:

1. Aplike anliy pou yon nouvo dosye sou [nyc.gov/dohmhpermits](https://www.nyc.gov/dohmhpermits).
2. Soumèt yon demann Avi Depo (Notice of Filing) (disponib sou [nyc.gov/nycbusiness/description/school-based-child-care-provider-registration-notice-of-filing](https://www.nyc.gov/nycbusiness/description/school-based-child-care-provider-registration-notice-of-filing)) ak Sètifika Okipasyon (Certificate of Occupancy) nan childcareinfo@health.nyc.gov.
3. Apre w fin soumèt yon Avi Depo epi w pase yon enspeksyon preliminè, Depatman Sante a ap ba w yon Sètifika Depo (Certificate of Filing).

Pou mete yon Avi Depo ajou, voye imèl nan childcareinfo@health.nyc.gov si nenpòt nan sitiyasyon sa yo aplike:

- Enfòmasyon pou kontakte w yo te chanje.
- Gen yon nouvo direktè lekòl oswa edikasyon.
- Ou bezwen korije yon erè nan Sètifika Depo orijinal la.
- Anplasman pwogram SBCC ou a te chanje.

Rasyo Manm Pèsonèl-Timoun

Kenbe rasyo minimòm manm pèsonèl-timoun ki obligatwa a (gade tablo ki nan pwochen paj la):

Laj Timoun yo	Kantite Manm Pèsonèl pou chak Gwoup Timoun
3 lane rive mwens pase 5 lane	1-a-20 pou aktivite akademik nan klas yo
4 lane rive mwens pase 5 lane	1-a-12 pou tout aktivite yo (eksepte aktivite akademik nan klas yo)
3 lane rive mwens pase 4 lane	1-a-10 pou tout aktivite yo (eksepte aktivite akademik nan klas yo)
5 lane rive mwens pase 6 lane	1-a-25 pou tout aktivite yo

Manm pèsonèl nou pa verifye antesedan yo pa gen otorizasyon pou gen kontak avèk timoun yo san sipèvizyon.

Oto-Enjektè epinefrin

Chèche gen de (2) oto-enjektè epinefrin sou plas, ki fasil pou manm pèsonèl la jwenn epi ki yon kote timoun yo pa kapab jwenn.

Netwayaj chak Jou

Kenbe etablisman an pwòp, san wete kizin, salklas ak saldeben yo.

Preparasyon Manje

Si w ap prepare manje sou plas, toujou konsève, prepare epi sèvi manje yo an konfòmite avèk Atik 81 nan Kòd Sante a (disponib sou on.nyc.gov/article-81-health-code).

- Chèche gen yon pèmi valid pou sèvis alimantè nan etablisman (ki rele pèmi kizin satelit tou).
- Kenbe ekipman pou konsève manje cho oswa frèt.
- Achte manje apati sous ki apwouve.
- Chèche gen yon sipèvizè sèvis alimantè ki gen yon Sètifika Pwoteksyon Alimantè an fonksyon.

Plon nan Dlo

Asire w dlo potab ki soti nan tout wobinè ak fontèn yo pa gen plon nan yon nivo ki wo.

- Teste tout dlo potab yo gras yon pwotokòl Depatman Sante a apwouve, nan 60 jou oplita apre w fin soumèt Avi Depo a. Soumèt rezilta yo bay Depatman Sante ki nan biwo awondisman w lan.
 - Pou yon lis biwo nan awondisman an, ale sou on.nyc.gov/borough-office-locations.
- Soumèt epi resevwa apwobasyon pou yon Plan Aksyon Rektifikatif (Corrective Action Plan), si nenpòt rezilta tè egal oswa pi wo pase 15 pati pou chak milya epi pran mezi pou korije.
- Re-teste chak wobinè ak fontèn chak senk (5) lane. Ou dwe teste nenpòt priz ou kapab itilize pou bwè dlo.
- Si w gen kesyon konsènan pwotokòl pou teste oswa fè koreksyon yo, rele biwo awondisman w lan.

Plon nan Penti

Asire w pa gen penti abaz plon k ap dekale nan etablisman w lan.

- Verifye si tout penti yo entak.
- Repare tout penti k ap dekale yo. Konsidere penti k ap dekale ou pa konnen kontni plon ki ladan yo kòm penti abaz plon.
- Soumèt yon sondaj chak ane (annual survey) (disponib sou on.nyc.gov/annual-lead-paint-survey) nan biwo awondisman w lan, sof si w te teste penti a epi w montre li pa gen plon.

Plon Atè a

Anvan w kòmanse sèvis la, verifye si gen plon atè nan zòn pa deyò kote timoun ki gen mwens pase sis (6) lane yo itilize, epi fè sa ki nesèsè.

Dokiman ki Obligatwa

Plan sekirite:

- Ou dwe gen yon plan sekirite alekri nan lokal la epi yon kote ki aksesib.
- Moun ki responsab la dwe pare pou mete plan sekirite a sou pye.
- Revize plan sekirite w la omwen yon (1) fwa chak ane epi mete li ajou si sa nesèsè.

Dosye medikal pou timoun:

- Tout timoun yo dwe fè yon egzamen medikal konplè epi ki adapte avèk laj yo anvan yo antre nan pwogram nan.
- Tout timoun yo dwe vaksinen kont difteri, tetanòs, koklich, polyo, lawoujòl, mal mouton, ribeyòl, varisèl, epatit B, maladi nemokoksik yo ak grip haemophilus tip b (Hib). Epiou, timoun ki gen laj sis (6) mwa rive mwens pase sis (6) lane yo dwe pran vaksen kont grip (rim) chak ane anvan 31 desanm.
 - Aprann plis sou schools.nyc.gov/school-life/health-and-wellness/immunizations.

Dosye medikal pou manm pèsònèl:

- Tout manm pèsònèl yo dwe bay yon sètifika egzamen fizik yon pwofesyonèl swen sante ki gen lisans ba yo epi ki gen mwens pase de (2) lane.
- Tout manm pèsònèl yo dwe bay dosye vaksinasyon pou:
 - De (2) dòz vaksen ki gen mal mouton
 - Yon (1) dòz vaksen ki gen ribeyòl
 - De (2) dòz vaksen ki gen varisèl (pou saranpyon)
 - Yon (1) dòz vaksen kont tetanòs, difteri, ak koklich aselilè (TDaP)

Tès depistaj pou manm pèsònèl:

- Manm pèsònèl yo ta anboche nan dat oswa apre dat 25 septanm 2019 yo dwe pran anprent dwèt yo nan IdentoGo (yon founisè anprent dwèt) epi soumèt yon fòm demann otorizasyon anliy sou nyc.gov/site/doh/business/permits-and-licenses/child-care-school-based.page. Yo dwe telechaje resi pou anprent dwèt la avèk fòm anliy lan.

Pwogram yo dwe kenbe yon kopi lèt verifikasyon sou antesedan konplè pou chak manm pèsònèl ki nan lokal la.

- Manm pèsònèl yo anboche anvan dat 25 septanm 2019 yo dwe toujou gen dosye anprent dwèt Depatman Envestigasyon (Department of Investigation, DOI) NYC a epi yo dwe bay enspektè yo prèv pandan enspeksyon yo. Si manm pèsònèl yo te anboche anvan dat 25 septanm 2019 yo pa kapab bay prèv anprent dwèt DOI yo nan moman enspeksyon an, yo ap bezwen enprime yo ankò selon pwosedi pou nouvo manm pèsònèl yo.
- Tout manm pèsònèl yo dwe gen twa (3) referans.

Fòmasyon pou Manm Pèsònèl

Fòmasyon ki vin apre yo obligatwa pou tout founisè yo. Konsève sètifika fòmasyon yo bay manm pèsònèl yo nan lokal la epi mete yo disponib pou Depatman Sante a, si yo mande yo:

Sijè Fòmasyon	Obligatwa Pou	Enfomasyon sou Fòmasyon a
Oto-Enjeksyon epinefrin	Manm pèsònèl (dwe gen omwen yon (1) manm pèsònèl ki jwenn fòmasyon pou bay yon oto-enjeksyon epinefrin toutan nan lokal la)	<p>Pwogram Kòd Ana (Code Ana Program) Telefòn: 434-924-5310</p> <p>Lakwa Wouj Ameriken Non Klas la: Oto-Enjeksyon Anafilaksi ak epinefrin Telefòn: 800-733-2767</p> <p>Pwogram Devlopman Pwofesyonèl (PDP) Pwogram Edikasyon ak Fòmasyon pou Timoun Piti (Professional Development Program (PDP) Early Childhood Education and Training Program) Non Klas la: Fòmasyon pou Bay Medikaman Telefòn: 518-442-6575</p> <p>PDP Pwogram Edikasyon ak Fòmasyon pou Timoun Piti Non Klas la: Idantifye epi Reyaji ak Anafilaksi: Lwa Elijah</p>
Preparasyon pou Sitiyasyon ijan	Tout manm pèsònèl yo nan twa (3) mwa apre yo fin anboche yo	<p>PDP Pwogram Edikasyon ak Fòmasyon pou Timoun Piti Non Klas la: Fòmasyon Anliy pou Preparasyon nan ka ljans</p>
Abi ak Maltretans sou Timoun	Tout manm pèsònèl ki ap anseye yo chak 24 mwa	<p>Sant Resous pou Rapòtè Oblije yo Non Klas la: Fòmasyon Anliy pou Rapòtè ki Oblije yo (pou Eta New York) Telefòn: 800-836-0903</p>
Kontwòl enfeksyon	Tout manm pèsònèl ki ap anseye yo nan twa (3) mwa apre yo fin anboche yo	<p>PDP Pwogram Edikasyon ak Fòmasyon pou Timoun Piti Non Klas la: Fondman sou Sante ak Sekirite</p>

CPR ak Premye swen	Manm pèsònèl (dwe gen omwen yon manm pèsònèl ki jwenn fòmasyon pou fè CPR (reanimasyon kadyo-pilmonè) nan lokal la toutan)	Lakwa Wouj Ameriken Telefòn: 212-875-2430 Asosyasyon Kè Ameriken (American Heart Association) Telefòn: 800-242-8721
---------------------------	--	--

Fòmasyon ki vin apre yo obligatwa pou moun ki ap benefisye fon sibvansyon anblòk pou devlopman swen timoun (Child Care Development Block Grant) yo epi yo pa obligatwa pou founisè ki pa resevwa fon sa yo:

Sijè Fòmasyon	Obligatwa Pou	Enfomasyon sou Fòmasyon
Sendwòm Tibebe ki Sekwe epi Sendwòm Lanmò Sibit Tibebe (Sudden Infant Death Syndrome, SIDS)	Tout manm pèsònèl la	PDP Pwogram Edikasyon ak Fòmasyon pou Timoun Piti Non Klas la: Prevansyon Superfluous Sendwòm Lanmò Sibit Tibebe epi Sipò pou Somèy ki Sekirize; Prevansyon ak Idantifikasyon Blesi nan Sèvo, san wete Twomatis Abizif nan Tèt (AHT)
Premye Swen pou Sante mantal	Tout manm pèsònèl ki ap anseye yo	Asosyasyon pou Sante Mantal Timoun nan Eta New York (New York State Association for Infant Mental Health) Non Klas la: Kou Debaz sou Tibebe/Timoun Piti (ECMH) Pratik Emosyonèl Adapte (ERP) nan Bank Street (Emotionally Responsive Practice (ERP) at Bank Street) Non Klas la: Sante Mantal pou Timoun (Founisè Premye Swen pou Timoun) Telefòn: 212-961-3430
Devlopman Entelektyèl, Sosyo-emosyonèl epi Fizik	Tout manm pèsònèl ki ap anseye yo	PDP Pwogram Edikasyon ak Fòmasyon pou Timoun Piti Non Klas la: Devlopman Sèvo Tibebe; Gadri pou Timoun ki Gen Laj Lekòl; Entèkansyon Bonè; Aprantisaj Anliy sou Fondman sou Sante ak Sekirite; Prevansyon kont Obezite Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention) Non Klas la: Gade mwen! Selebre Etap Enpòtan yo epi Pataje Enkyetid yo
Angajman familyal	Tout manm pèsònèl ki ap anseye yo	PDP Pwogram Edikasyon ak Fòmasyon pou Timoun Piti Non Klas la: Angajman Familyal